

Ethnografi Lavil : Metodoloji ak Praktik

Chelsey L. Kivland, Ph.D.
Assistant Professor of Anthropology
Dartmouth College
chelsey.l.kivland@dartmoth.edu

Deskripsyon

Antwopoloji iban se yon branch antwopoloji sosyal ki pran lavil kom objektif etid. Antwopològ iban etidiye ki jan ibanizasyon mache, ki chanjman sosyal ak kiltiryèl li pote, ak ki kalite kominote ak sosyete li devlope. Yo reponn kesyon sa yo atravè metodoloji ètnografi, ki itilize obsèvasyon participant, obsèvasyon direk, entevyou, rechèch achiv, rechèch miltimedya, ak lòt metod. Antwopoloji iban bay nou yon pèspektif espesifik ak pliryèl sou sosyete iban, epi li ede nou pi byen komprann ki jan lavil yo fonksyone, koman yo evoliye, epi ki siyifikasyon yo genyen pou moun yo. Enfîn, antwopoloji iban ede nou kapte mond lan, ki jounen jodi a se yon mond majorite irbanyize. Nan seminè sa a, ki ka fèt nan twa semen separe, etidyan ap aprann teyori ak metodoloji pandan nèf sesyon, ki mare leson sou antwopoloji iban ak praktik etnografi iban. Nan yon ateliye, etidyan yo pral jwen opòtinite praktike ètnografi irban nan lavil Pòtoprens.

Evalvasyon

1. Ateliye Etnografik: 80%

Pwoje prinsipal se yon ateliye etnografik ki ponche sou yon sèn nan lavil Pòtoprens, Ayiti (e.g., Chanmas, mache/maket, tap tap; resto/klub). Pwoje sa a pral genyen plisyè ti pati ki ansanm ka fè yon “mikwo-etnografi”: (i) obsèvasyon; (ii) entevyou ; (iii) rechèch achiv; (iv) rapò final (8-10 paj). Plis detay ap vini.

2. Patisipasyon: 20%

Etidyan dwe vini nan chak kou pre pou patisipe nan deba ak diskisyon. Etidyan pral li tout lekti avan epi yo pral prepare (ekri oswa tape) twa kesyon pou poze nan seminè a, ki pwofesè a pral prann apre sesyon nan fini.

Pwogram

Semen 1

Sesyon 1: *Prezante seminè a ak pwoje final*

Sesyon 2: *Teyori klasik sou lavil*

- Hannerz, Ulf, *Explorer la ville*, Ch. 1 (supplemental) and Ch. 2
- Etnografi lavil, Ateliye 1: Rechèch Achiv

Semen 2

Sesyon 3: Lavil nan peyi pòv

- Hannerz, Ulf, *Explorer la ville*, Ch. 4
- Neiburg, Frederic oak Natcha Nicaise, “La vie sociale de l’eau”
- Etnografi lavil, Ateliye 2: Entevyou

Sesyon 4: Rezo Iban

- Hannerz, Ulf, *Explorer la ville*, Ch. 5
- Venkatesh, Sudhir, *Dans le peau d’un chef de gang*
- Levitt, Steven and Stephen Dubner, “Pourquoi les dealers vivent-ils encore chez leur manman?” (supplemental)
- Etnografi lavil, Ateliye 3: Kat Rezo

Semen 3

Sesyon 5: Lavil ak nou menm

- Hannerz, Ulf, *Explorer la ville*, Ch. 6
- Jaffe, Rivke and Anouk de Koning, “Cities and Globalization”
- Kivland, Chelsey, “Le concours sert à dévoiler « le peuple » : une réflexion sur les bandes à pied et la politique populaire en Haïti”
- Etnografi lavil: Obsèvasyon-partsipan

Sesyon 6: Direksyon nouvo nan antwopoloji lavil

- Etnografi lavil: Prezantasyon pa etidyan yo

Teks

- *Explore la ville: elements d’anthropologie urbaine*, Ulf Hannerz
- *Guide de l’enquete de terrain*, Stephanie Beaud ak Florence Weber
- *Dans le peau d’un chef de gang*, Sudhir Venkatesh
- Plisyè chapit ak atik ki ponche sou tèm yo